

Crita Sambung “Lurung” Anggitane Suhindriyo (*Tintingan Antropologi Sastra*)

Dina Putri Anggraini

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA(aira_aizawa@yahoo.co.id)

Abstrak

Crita sambung “Lurung” anggitane Suhindriyo iki nyritakake panguripane bebrayan dhusun Kemlaka kang isih tradhisional. Cerbung Lurung iki ngandharake kabudayane bebrayan Jawa kang isih diugemi nganti jaman saiki. Sistem pranatan sosial lan kabudayan bebrayan Jawa sarta daya pangaribawane tumrap reription sastra, narik kawigaten kanggo ditliti, amarga pranatan sosial lan kabudayan bebrayan Jawa iku titi khase bebrayan Jawa kang misuwur.

Adhedhasar landhesan panliten kasebut, bisa dijupuk underaning panliten, yaiku (1) kepriye wujude cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo, (2) kepriye tintingan antropologis cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo, lan (3) kepriye daya pangaribawane kabudayan tumrap cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo. Saka underaning panliten kasebut, mula tujuwan panlitene yaiku (1) Ngandharake wujude cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo, (2) Ngandharake tintingan antropologis cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo, lan (3) Ngandharake daya pangaribawane kabudayan tumrap cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo. Panliten iki diajab bisa nambah kawruh ngenani telaah sastra Jawa, mligine kanthi tintingan antropologi sastra. Panliten iki uga diajab bisa mbiyantu para maos supaya luwih ngertenis isine cerbung kasebut, utamane kabudayane Jawa.

Panliten iki nggunakake teori antropologi sastra kanggo ngonceki underaning panliten. Panliten iki klebu panliten deskriptif kualitatif kang nggunakake sumber data arupa cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo kang kapacak ing kalawarti *Djaka Lodang* taun 2011. Kanggo ngumpulake data kang dibutuhake, nggunakake metode kapustakan lan teknik maca sarta cathet.

Asile panliten iki yaiku cerbung “Lurung” iki mujudake reription sastra realis, yaiku reription sastra kang nggambareke kahanan kang slaras karo kahanan ing kanyatan. Iki bisa dititi saka unsur-unsur reription sastrane kang nggambareke kahanan ing kanyatan, yaiku paraga, alur, konflik, kelir, lan temane. Perangan-perangan antropologis cerbung “Lurung” yaiku panguripane bebrayan dhusun Kemlaka kang isih tradhisional lan nduweni pakaryan baku anam besek. Wewangunan omah Jawa ing dhusun Kemlaka. Panganan, sandhangan, lan kesenian khas bebrayan Jawa. Bebrayan dhusun Kemlaka uga ngugemi bab pranatan sosial, yaiku uluk salam, ngurmati tamu, ngurmati wong kang luwih tuwa, lan drajade luwih luhur. Adat istiadat kang isih diugemi nganti seprene yaiku adat merti dhusun. Mitos-mitos kang isih diugemi dening bebrayan dhusun Kemlaka, yaiku mitos dina geblag, lakon wayang lan dhalange, lan pralambang kewan. Kabudayan Jawa kasebut, nduweni daya pangaribawa kang gedhe banget tumrap reription sastra. Kanthi perangan-perangan antropologis kasebut, cerbung “Lurung” kebak kawruh ngenani kabudayan lan sejarah.

PURWAKA

Bebrayan Jawa mujudake bebrayan kang ngugemi bab kabudayan. Sing diarani kabudayan yaiku asil pamikire manungsa kang wis mbalung sungsum lan diasilake sawise proses sinai (Koentjaraningrat, 1974:11). Salah sawijining wujud kabudayan Jawa yaiku kasusastran. Kasusastran yaiku asil pamikirane manungsa kang arupa tulisan utawa lesan. Anane pamikiran mau, adhedhasar kanyatan panguripane manungsa saben dinane. Reriptan sastra iku sejatine ora mung wujud crita wae, nanging kang luwih wigati, yaiku gegambaran kang ana sajroning crita kasebut (Ratna, 2007:277). Kanthi mangkono, sastra uga mujudake gegambaran bebrayan utawa kabeh kang dumadi sajroning urip nalikane sastra iku tuwu, kayata gegambaran budaya. Saka gegambaran kaya mangkono iku, bisa dingertenin yen perkara kang dumadi sajroning reription sastra

kasebut ora uwah saka juru sastra minangka manungsa kang nduweni budaya.

Reriptan sastra bisa dianalisis kanthi maneka warna pendekatan utawa tintingan. Hough (sajroning Hardjana, 1983:59) ngandharake yen reription sastra bisa dianalisis kanthi nggunakake limang tintingan, yaiku tintingan moral, formal, sosiologis, psikologis, sarta tintingan mitos lan aketipe. Panliti bisa milih salah siji saka limang tintingan kasebut kang selaras karo paugeran sing onjo sajroning reription sastra kasebut.

Salah sawijining reription sastra Jawa kang nggambareke kahanan budaya sawijine dhaerah, yaiku cerbung kanthi irah-irahan Lurung anggitane Suhindriyo. Cerbung “Lurung” kapacak ing kalawarti *Djaka Lodang* wiwit edhisi 6 sasi Juli 2011, nganti edhisi 21 sasi Oktober 2011. Suhindriyo iku sawijining juru sastra kang misuwur ing kasusastran Jawa. Reriptan-reriptan kang diasilake dening Suhindriyo uga akeh kang isine ngenani

budaya lan sejarah, amarga panjenengane lulusan jurusan Sejarah ing IKIP Negeri Yogyakarta (Suwondo, 2006:206). Katrangan kasebut ngenahake yen akeh reriptan sastra kang diripta dening Suhindriyo iku nggamarake sejarah lan budayane bebrayan Jawa kang misuwur tansah ngugemi adat istiadat. Saliyane iku, uga ana saperangan reriptane Suhindriyo kang wis dtlti dening mahasiswa Unnes. Bab kasebut ngenahake yen reriptane juru sastra iki pantes dtlti minangka wakil saka reriptan sastra ing jaman Jawa modern.

Crita sambung “Lurung” anggitane Suhindriyo iku sawijining reriptan sastra kang nggamarake kabudayane bebrayan Jawa. Kabudayane bebrayan Jawa sajroning cerbung “Lurung”, digamarake lumantar bebrayan Jawa dhusun Kemlaka kang isih tradisional.

Saka andharan kasebut, trep yen cerbung Lurung dtlti kanthi tintingan antropologi sastra kanggo ngonceki kabudayane bebrayan sajroning cerbung “Lurung” kang arupa adat merti dhusun, dina geblag, lan mitos. Panliten iki nggunakake irah-irahan *Crita Sambung Lurung Anggitane Suhindriyo (Tintingan Antropologi Sastra)*. Kanthi panliten iki, “Lurung” kang nyritakake bebrayan Jawa ing tlatah padhusunan lan kabudayane kang isih diugemi, diajab bisa kanggo nambah kawruh ngenani bebrayan Jawa lan kabudayane.

Sesambungan karo lelandhesaning panliten mau, underaning panliten iki, yaiku (1) kepriye wujude cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo? (2) kepriye tintingan antropologis cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo? (3) kepriye daya pangaribawane kabudayan tumrap cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo?. Tujuwaning panliten iki, yaiku (1) ngandharake wujude cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo (2) ngandharake tintingan antropologis cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo (3) ngandharake daya pangaribawane kabudayan tumrap cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo. Paedahing panliten iki, bisa nambah kawruh ngenani telaah sastra Jawa, mligine kanthi tintingan antropologi sastra. Panliten iki diajab bisa menehi gegambaran ngenani kabudayane bebrayan Jawa lan bisa menehi *rangsangan* tumrap pangkulawentah apresiasi sastra. Panliten iki uga diajab bisa mbiyantu para maos supaya luwih ngerteni isine cerbung kasebut, utamane kabudayane Jawa.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Antropologi Sastra

Antropologi sastra yaiku analisis reriptan sastra ngenani sesambungan karo kabudayan (Ratna, 2011:31). Sesambungan antarane reriptan sastra lan kabudayan, yaiku reriptan sastra minangka perangane kabudayan, njlentrehake bab panguripan kanthi cara *kreatif*

imajinatif. Ratna (2009:353) ngandharake yen antropologi sastra aweh kawigaten marang manungsa minangka agen kultural, sistem paseduluran, mitos, lan pakulinan-pakulinan liyane. Saliyane ngemu data antropologis, reriptan sastra uga ngemu data sosiologis, kayata pranatan sosial.

Tintingan Struktur

Sawijining reriptan sastra, mesthi nduweni wujud. Wujude reriptan sastra, bisa dtlti saka struktur intrinsik, jalanan struktur intrinsik iku unsur kang mangun sawijining reriptan sastra. Struktur intrinsik yaiku unsur-unsur kang mangun reriptan sastra iku dhewe (Nurgiyantoro, 2007:23). Unsur-unsur kasebut, yaiku unsur-unsur kang ana sajroning reriptan sastra kasebut, kang nduweni sesambungan antarane siji lan sijine, kang ndadekake makna reriptan sastra mau dadi utuh.

Tema

Tema iku unsur intrinsik sing paling utama sajroning reriptan sastra. Saben reriptan sastra mesthi duwe tema crita, amarga tema iku nggamarake tegese crita kasebut. Hartoko lan Rahmanto (sajroning Nurgiyantoro, 2007:68) ngandharake yen tema minangka gagasan dhasar kang nyengkuyung sawijine reriptan sastra lan kang kaemot sajroning teks minangka struktur semantis lan kang sesambungan karo pepadhan lan pambedian. Kanggo nemokake tema sawijine reriptan sastra fiksi, kudu didudut sakabehe crita, ora adhedhasar perangan-perangan tartamtu crita (Nurgiyantoro, 2007:68).

Paraga lan Wewatakane

Paraga iku minangka pawongan kang mindakake kabeh kang dumadi sajroning crita. Abrams (sajroning Nurgiyantoro, 2007:165) ngandharake yen paraga crita (*character*) yaiku wong-wong kang disuguhake sajroning sawijine reriptan naratif, utawa drama, kang dening pamaos ditegesi nduweni kakuwatan moral lan bab-bab tartamtu kayata ing pangucapane lan apa kang ditindakake. Adhedhasar kalungguhane paraga sajroning crita, paraga mau kaperang dadi paraga utama lan paraga tambahan. Yen dideleng saka fungsi *penampilan* paraga, paraga sajroning crita bisa diperang dadi paraga protagonis lan paraga antagonis.

Alur

Alur uga kerep diarani plot, yaiku sawijining unsur intrinsik kang wigati sajroning reriptan sastra. Stanton (sajroning Nurgiyantoro, 2007:113) ngandharake yen plot yaiku crita kang isine perkara-perkara kang dumadi kanthi sesambungan. Tegese, perkara siji disebabake dening perkara liyane utawa nyebabake

dumadine perkara liyane. Aristoteles (sajroning Nurgiyantoro, 2007:142) ngandharake yen sawijining plot kudu kasusun saka telung trap-trapan, yaiku perangan kawitan (*beginning*), perangan tengah (*middle*), lan pungkasan (*end*). Adhedhasar trap-trapan wektu, plot diperang dadi telu, yaiku plot lurus (*progresif*), plot sorot balik (*flashback*), lan plot campuran (*progresif-regresif*).

Konflik

Konflik yaiku bab kang diadhepi dening paraga sajroning crita. Konflik minangka unsur kang bisa nemtokake *suspense* sajroning crita. Wellek & Warren (sajroning Nurgiyantoro, 2007:122) ngandharake yen konflik yaiku samubarang kang dramatik, kang nuduhake adu antarane kakuwatan loro kang satanding lan nyumiratake anane aksi lan aksi walesane. Konflik bisa diperang dadi loro, yaiku konflik *eksternal* lan *internal* (Stanton sajroning Nurgiyantoro, 2007:124).

Kelir/Setting

Kelir uga minangka bab kang wigati sajroning crita. Kanthi kelir iki, bisa dititi papan panggonan kang digunakake sajroning crita kasebut. Abrams (sajroning Nurgiyantoro, 2007:216) ngandharake yen kelir iku mujudake pathokan ngenani papan panggonan, sesambungan antarane wektu, lan lingkungan sosial nalika perkara-perkara iku dumadi. Kanthi anane kelir, crita kasebut bisa dadi kaya crita realis, yaiku crita kang satemene ana (Nurgiyantoro, 2007:217).

Koherensi

Unsur-unsur intrinsik sajroning crita, nduweni peran kang wigati tumrap panulisan crita. Saben unsur nduweni daya pangaribawa tumrap unsur liyane. Kanthi mangkono, bisa diweruhi kaslarasane unsur siji lan sijine. Nurgiyantoro (2007:29) ngandharake yen koherensi lan nyawijine kabeh unsur crita kang mujudake totalitas, yaiku bab kang nemtokake kaendahan lan kasile sawijining reriptan fiksii minangka reriptan sastra, ora mung panganggone unsur basa wae.

Perangan-perangan Antropologi Sastra

Kabudayan Jawa isih diugemi banget dening bebrayan Jawa, senajan ana saperangan wong Jawa kang wis nglirwakake budaya kasebut. Kabudayan Jawa kang isih diugemi yaiku unggah-ungguh, adat merti dhusun utawa bersih dhusun kang isih ana nganti seprene, ngenani mitos dina geblag, mitose wayang, lan pralambang kewan.

Unggah-ungguh tumrap Bebrayan Jawa

Bebrayan Jawa misuwur minangka bebrayan kang nengenake unggah-ungguh. Unggah-ungguh kasebut minangka wujud budi pakarti kang diduweni sawijine

wong. Yana (2010:136) uga ngandharake unggah-ungguh, yaiku tata cara turun-temurun kang ngrembaka ing bebrayan Jawa kang ngatur sesambungan antar pawongan lan golongan supaya padha ngerten lan ngurmati miturut adate. Sesambungan antarane pawongan lan golongan iku, mesthi wae ngenani tindak-tanduk lan sopan santun. Mula, bab unggah-ungguh sajroning bebrayan Jawa iku minangka bab kang wigati banget.

Adat Merti Dhusun

Adat minangka pakulinan utawa tumindak kang ditindakake kanthi turun-temurun. Adat uga minangka tata cara kang wis lumrah (wiwit jaman kepungkur) (Poerwadarminta, 1939:2). Adat merti dhusun iku sawijine wujud kapitayan tradhisionale bebrayan Jawa. Tembung merti dhusun iku asale saka tembung merti ateges ngrumat lan dhusun. Adat merti desa iki, saliyane ngemu unsur-unsur simbolik kanggo njaga guyub rukun antarane warga desa, uga nuduhake anane adat pakurmatan marang ruh leluhur.

Mitos

Mitos ing bebrayan Jawa iku minangka bab kang mernani panguripane bebrayan Jawa. Mitos yaiku crita ngenani dewa lan ksatria ing jaman kepungkur kang ngemu bab wiwitinan alam, manungsa, lan papan panggonan mitos kasebut ana (Tim, 2001:749). Mitos minangka kapitayane bebrayan kang isih diugemi lan wujud budayane manungsa kang isih digunakake kanggo nulis sastra.

Lelandhesaning Teori

Panliten iki nggunakake antropologi sastra kanggo ngonceki aspek kabudayane bebrayan Jawa sajroning cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo. Data-data antropologis sajroning reriptan sastra, yaiku sistem religi lan upacara agama, sistem lan organisasi sajroning bebrayan, sistem kawruh, basa, kesenian, sistem pangupa jiwa, lan sistem teknologi lan piranti (Koentjaraningrat, 1974:12). Saliyane iku, sajroning panliten iki uga nggunakake data sosiologis kang nyengkuyung data-data antropologis kasebut. Aspek-aspek sosial kasebut, kayata pranatan sosial. Pangetrape antropologi sastra mau digabungake karo struktur intrinsik reriptan sastra kanggo nintingi wujude cerbung “Lurung”.

METODE PANLITEN

Panliten iki asipat kualitatif. Semi (sajroning Endraswara, 2008:5) ngandharake yen panliten kualitatif yaiku panliten kang ora nengenake angka-angka, nanging nengenake jroning teges ngenani sesambungan sawijining konsep kang ditintingi kanthi empiris. Sumber data sajroning panliten iki, yaiku cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo. Cerbung kasebut kapacak ing kalawarti

Djaka Lodang wiwit edhisi No. 06 sasi Juli 2011 nganti edhisi No. 21 sasi Oktober 2011. Kapacak ing rubrik Crita Sambung, kang kaperang dadi 16 edhisi, manggone ing kaca 18 lan 19 lan ing kaca 20 lan 21.

Data kang digunakake sajroning panliten iki awujud tembung-tembung, ukara-ukara, lan paragrap kang awujud cecaturan utawa naratif sajroning sumber data, yaiku cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo. Data-data kang kajupuk saka cerbung kasebut, slaras karo underaning panliten.

Instrumen kang digunakake sajroning panliten iki yaiku manungsa minangka panliti. Tata cara ngumpulake data kanthi nggunakake metode pustaka, teknik maca lan nyathet, sarta wawancara. Tata cara ngolahe data kanthi nggunakake analisis *deskriptif*.

ASILE PANLITEN

Tintingan Wujude Cerbung “Lurung”

Perangan iki ngandharake wujude cerbung “Lurung” kanthi cara mawas saka unsur-unsur pamangune. Unsur-unsur pamangune kasebut, yaiku tema, paraga-paraga baku lan wewatekane, alur, konflik, lan kelir.

Tema: Crita Asmara kang Kasingitake

Tema kang disuguhake sajroning cerbung “Lurung” iki, mujudake tema kang ngandharake panguripane manungsa lan sakabehing perkarane. Perkara kang dumadi sajroning cerbung iki, mujudake perkara kang akeh dumadi sajroning kanyatan, yaiku crita asmara kang kasingitake. Senajan mangkono, Suhindriyo kasil nyuguhanke crita iki dadi crita kang narik kawigatene pamaos. Crita asmara antarane Bu Neni lan Den Bandara nalikane 22 taun kepungkur lan rasa kepengin weruhe paraga utama, Wening tumrap kahanan lurung lan omahe Pak Partasentana dadi bebakale crita iki. Tema kang dadi dhasaring crita kasebut, banjur karakit lumantar paraga-paraga lan perkara-perkara kang dumadi sajroning cerbung “Lurung”.

Para Paraga lan Wewatekane

Paraga-paraga kang klebu paraga baku, yaiku Wening, Bu Neni, Pak Partasentana, lan Mbok Kariyoinangun. Para paraga kasebut nduweni kalungguhan kang wigati kanggo mangun crita ing cerbung iki.

Wening

Paraga kang dadi punjere ing cerbung iki yaiku Wening. Miturut kalungguhane, Wening mujudakake paraga utama kang ngobahake plot. Dene miturut *penampilan* paraga, Wening mujudake paraga protagonis. Dheweke mujudake mahasiswa jurusan Sosiatri

Universitas Gadjah Mada Yogyakarta, kang nindakake panliten ngenani kahanane para pengrajin besek ing dhusun Kemlaka.

Umume, paraga protagonis iku nduweni watak kang becik, semono uga Wening. Wening digambarake minangka nom-noman sing ngerti unggah-ungguh lan empan papan.

Sinambi golek werta mirungan lan ngresepi swasana wengi ing dhusun Kemlaka, dina iku Wening bebarengan warga dhusun ewang-ewang lan nyamektakake ubarampene merti dhusun ing daleme Pak Partasentana. Acara merti dhusun diwiwiti seslamet kenduren warga sadhusun banjur diterusake wayangan sedina sewenggi.

(Lurung edhisi 13, DL-18, kaca 18, 2011)

Saka pethikan kasebut, cetha yen Wening bisa mapanake awake dhewe nalika anaadicara merti dhusun ing dhusun Kemlaka. Wening kang wis njaluk pambiyantu marang warga dhusun Kemlaka kanggo panlitene, uga gelem menehi pambiyantu nalika dhusun Kemlaka lagi anaadicara. Dheweke gelem melu ewang-ewang kanggo nyamertakakeadicara merti dhusun ing Kemlaka.

Bu Neni

Suwalike karo Wening, Bu Neni iku mujudake paraga baku antagonis. Bu Neni minangka ibune Wening, klebu paraga antagonis, amarga dheweke nyebabake anane konflik sajroning cerbung “Lurung”. Bu Neni digambarake minangka ibune Wening lan nyambut gawe dagang batik. Bu Neni mujudake paraga antagonis, amarga dheweke ora nyaruji yen Wening nindakake panliten ing dhusun Kemlaka tanpa menehi alesan kang pesthi marang Wening.

Bu Neni uga ora gelem menehi wangulan sing jujur nalika ditakoni dening Wening. Kamangka, ibu iku kudune menehi tuladha kang apik marang putrane, senajan putrane wis kuliah utawa nyambut gawe. Bu Neni ora gelem mangsuli kanthi jujur nalika ditakoni Wening ngenani ibune iku nate menyang dhusun Kemlaka apa ora. Kamangka, Wening wis duwe bukti yen ibune iku mau nate menyang dhusun Kemlaka.

Pak Partasentana

Paraga Partasentana mujudake paraga tambahan protagonis. Dheweke minangka mantan lurah kang weruh sakabehane kahanan ing dhusun Kemlaka. Paraga Partasentana mujudake paraga kang gati marang wong liya. Gatine iku dituduhake marang Midah, rewange kang wis suwe ing omahe. Nalika Midah isih cilik, Partasentana ngupaya supaya Midah bisa nerusake sekolah.

Partasentana iku isih ngugemi bab sajen. Sajen kasebut awujud sajen neton kang ditindakake wayah netone sawijining wong. Partasentana menehi sajen neton kanggo garwane kang wis tilar donya nalika malem slametan. Bab kasebut negesake yen paraga Partasentana mujudake paraga padhusunan tradhisional kanthi watak khas padhusunan lan isih percaya marang kapitayan wong Jawa.

Mbok Kariyoinangun

Paraga Mbok kariyoinangun mujudake paraga protagonis kang isih tradhisional. Senajan ora dicritakake saben edhis, nanging Mbok Kariyoinangun uga nduweni daya pangaribawa tumrap konflik sajroning cerbung "Lurung". Mbok Kariyoinangun iku pawongan kang luwes. Senajan dheweke wis sepuh, nanging gampang anggone bisa cedhak karo wong liya. Dheweke bisa luwes anggone sesrawungan karo wong kang durung cedhak.

Alur kang Dinamis

Alur yaiku lumakune crita wiwit saka purwaning crita nganti pungkasaning crita. Critane cerbung "Lurung" iki karakit kanthi alur campuran utawa *progresif-regresif*. Anane perkara kang dumadi sajroning crita jalaran saka perkara kang dumadi ing wektu kepungkur.

Purwaning crita nyritakake Wening kang arep ngadani panliten ing dhusun Kemlaka kang makarya anam besek, nanging uripe isih kersrakat. Senajan ibune, Bu Neni ora nyarujuki, nanging dheweke wis netepake karep anggone panliten ing dhusun Kemlaka. Tumekaning daleme sesepuh dhusun Kemlaka, dheweke rumangsa nate meruhi kahanan dalan lan omah kasebut.

Pikirane Wening dadi goreh. Rasane kaya ana gegambaran sing ngreridhu angene. Wening bola-bali ngeling-eling gegambaran omah iku ana angene. Merga saeling, dheweke ora ngimpi meruhi omah iki. Wening tetep yakin nate meruhi omah iki sadurunge ngambah dhusun iki.

(Lurung edhis 2, DL-07, kaca 18, 2011)

Nalika Wening lagi ngeling-eling, dumadakan ana pawongan kang nyumanggakake dheweke. Pawongan kasebut kang nduwe omah, yaiku Pak Partasentana. Tetepungan kasebut nuwuhaake rasa ngungune Pak Partasentana, jalaran Wening ngemperi sisihane kang wis suwargi. Ing madyaning crita, Wening ngadani panliten kanthi wawancara ing omahe Mbok Kariyoinangun. Dheweke pikantuk crita yen biyen uga ana panliten ing dhusun Kemlaka saka UGM. Crita kasebut disengkuyung kanthi bukti buku tamu dhusun Kemlaka kang ditemokake Wening. Sajroning buku kasebut, ana jeneng kang ngemperi ibune, yaiku Bu Neni. Nalika ditakokake marang ibune, Bu Neni mangsuli kanthi ora jujur.

"Ibu pengin jujur?"
"He-eh."
"Aku daknyuwun pirsa, Ibu ki sajane nate tekan dhusun Kemlaka ora?"
"Ora. Aku durung ngerti."
"Ning nggon buku tamu dhusun Kemlaka, kok ana jeneng peserta KKN saka UGM Dyah Neni Hartanti, kuwi jenenge sapa?" Neni sing lagi nyetitekake penyiar TV sakala mengo.
(Lurung edhis 11, DL-16, kaca 19, 2011)

Bab kasebut njalari rasa cubriyane Wening tansaya gedhe marang ibune. Liya dina, dheweke pikantuk crita saka Tuyem yen sejatine, Neni lan Den Bandara, putrane Pak Partasentana iku nduweni crita asmara. Wening kang kepengin mesthekake crita kasebut marang Den Bandara, kudu ngenteni, jalaran kulawargane Den Bandara ngalami kacilakan nalika arep mulih menyang Kemlaka. Ing perangan klimaks, kewiyak yen Bu Neni iku mahasiswa UGM kang biyen nindakake panliten ing dhusun Kemlaka. Bab iki jalaran, Mbok Kariyoinangun isih eling marang Bu Neni.

Pungkasane crita, kewiyak saka pangangengangene Bu Neni yen sejatine Bu Neni lan Den Bandara nalika 22 taun kepungkur nindakake sesambungan kang mesthine mung bisa ditindakake dening pawongan kang wis palakrama.

Prastawa 22 taun kepungkur gawang-gawang cetha, nalika Bandara sing colongan anggone sir-siran karo Neni tanpa dinuga nindakake sesambungan sing mesthine mung ditindakake pawongan sing wis kaiket tali palakrama. Wengi iku, wengi pepisahan antarane KKN karo masarakat dhusun Kemlaka, sing ateges uga pepisahan kanggone Bandara lan Neni krana Bandara ora bangga ngadhepi antepe keluarga kanggo nikahi Retna Suminar sing wis dipacangake kliwat 5 taun.

(Lurung edhis 16, DL-21, kaca 18, 2011)

Sajroning *ending*, juru sastra nyuguhaake *surprise* marang pamaos. Bu Neni ngandharake yen Bapak Setyabudi kang dianggep Wening minangka bapake iku, sejatine mung crita rekaan kanggo nutupi yen Wening iku putrane Den Bandara lan Bu Neni.

Saka andharan ngenani alur ing dhuwur, bisa diwasas yen alur campuran kang disuguhake dening Suhindriyo iku alur campuran kang dinamis. Kaprigelane Suhindriyo ngolah crita, nuwuhaake anane *supense* ing dhirine pamaos saengga kepengin ngrampungake critane. Urut-urutaning crita saka purwaning crita, banjur ana *flashback*, banjur madyaning crita, lan pungkasaning crita kang dipungkasi kanthi anane *flashback*.

Konflik Batine Para Paraga

Konflik yaiku bab kang diadhepi dening paraga sajroning crita. Sajroning cerbung “Lurung” iki, konflik kang dialami dening para paraga, slaras karo konflik kang akeh dialami dening pawongan ing kanyatan. Konflik kang akeh dialami dening para paraga sajroning cerbung iki yaiku konflik batin. Paraga Wening ngalami konflik batin jalaran rasa kepengin weruhe ngenani kahanan dalan lan omahe Pak Partasentana.

Pikirane Wening dadi goreh. Rasane kaya ana gegambaran sing ngreridhu angene. Wening bola-bali ngeling-eling gegambaran omah iku ana angene. Merga saelingge, dheweke ora ngimpi meruhi omah iki. Wening tetep yakin nate meruhi omah iki sadurunge ngambah dhusun iki.

(Lurung edhisi 2, DL-07, kaca 18, 2011)

Jalaran rasa kepengin weruhe Wening kasebut, nyebabake tuwuhe rasa cubriya marang ibune, Bu Neni. Saliyane iku, konflik batin uga dialami dening ibune Wening, yaiku Bu Neni. Bu Neni ngalami rasa wedi tumrap lelakone ing jaman kepongkur. Senajan konflik kang dialami dening Bu Neni iku disebabake dening konflik eksternal, yaiku tumindake lan Bandara kang ora bener, nanging Bu Neni luwih ngrasakake konflik batin tinimbang eksternal.

“Ya nggak apa-apa, wong tundhone Ibu ketemu bapak sing padha tresnane ingga banjur nikahan.” Wening njejeri Neni. Bapak, Bapak sapa? Oalah Wening, Bapak Setyabudi, bapakmu sing kaping wola-wali dakritakake wis almarhum iku mung crita kentha kara, mung fiksi kanggo nylamur nasibmu. Jalaran, ing ngendi wae, anak sing lair tanpa cetha sapa bapake dianggep haram. Senajan Neni wis tekadan nedya nggedhekake Wening minangka “orang tua tunggal”, single parent.

(Lurung edhisi 16, DL-21, kaca 19, 2011)

Pak Partasentana lan Den Bandara, uga ngalami konflik batin kaya Wening lan Bu Neni. Kekarone ngalami konflik batin jalaran kepethuk karo Wening. Pak Partasentana rumangsa yen Wening iku ngemperi sisihane kang wis swargi. Den Bandara rumangsa yen Wening iku ngemperi pawongan kang ditresnani ing jaman biyen.

Kelir: Dhusun Kemlaka

Kelir panggonan kang digunakake yaiku dhusun Kemlaka. Kahanan ing dhusun Kemlaka nggamarake padhusunan tradisional ing kanyatan. Gegambaran ngenani dhusun Kemlaka sajroning cerbung “Lurung”, diandharake yen dumunung ing sikile Pegunungan Perahu. Juru sastra nggamarake kelir lurung, wit-witan,

lan wewangunan ing dhusun Kemlaka kanthi cetha lan rinci saengga pamaos bisa nggamarake kelir kasebut kanthi gamblang.

Cerbung “Lurung” njupuk wektu ing jaman kepongkur, yaiku taun 1989. Kahanan dhusun kemlaka ing taun 1989 iku cetha banget. Bebrayane isih ana kang eling nalikane jaman Jepang teka ing pulo Jawa. Saperangan kelir wektu kang dianggo, yaiku wayah awan, esuk, bengi, lan 22 taun kepongkur.

Kelir panggonan lan kelir wektu sajroning cerbung “Lurung”, nggamarake kahanan ing kanyatan. Dhusun Kemlaka lan Pegunungan Perahu minangka kelir panggonan kang sejatiné uga ana sajroning kenyata, senajan jenenge iku jeneng sesinglon. Dene kelir wektu kang digunakake uga nggamarake wektu ing kanyatan.

Tintingan Antropologis Cerbung “Lurung”

Kabudayan Jawa mujudake idhentitas tumrap bebrayan Jawa. Suhindriyo sajroning cerbung “Lurung” uga menehi kawigaten mirunggan babagan kabudayan Jawa, mligine kahanan bebrayan lan panguripane saben dina.

Panguripane Bebrayan Dhusun Kemlaka

Kabeh manungsa, mesthi kepengin nduweni pakaryan kang becik lan bisa nyukupi kabeh kabutuhane urip. Semono uga kang kacarita sajroning cerbung “Lurung”. Bebrayan cerbung “Lurung” kang mujudake bebrayan padhusunan, panguripane uga isih mujudake panguripane bebrayan dhusun kang sarwa tradisional. Kanggo nyukupi kabutuhan padinane, bebrayan dhusun Kemlaka nindakake pakaryan baku, yaiku anam besek.

“Lajeng kersanipun Nak Wening badhe ngersakaken penelitian menapa? Sokur kula saged caos bantuan.”

“Emm, anu Pak, kula badhe nyuwun pirsa babagan pakaryan anam besek ingkang sasat dados pakaryan baku masyarakat Kemlaka. Nuwun sewu, bokbilih kula kepareng caos uninga rumiyin menawi keterangan ingkang kula suwun saking Bapak boten babagan teknik produksinipun, nanging sejarahipun. Amargi kula wawas Bapak nate nglenggahi glondhong Kemlaka, tentu sakedhik kalih kedhik priksa sejarah pakaryan besek ing dhusun Kemlaka.”

(Lurung edhisi 2, DL-07, kaca 19, 2011)

Bebrayan dhusun Kemlaka anggone makarya anam besek iku wiwit taun 40-an, mula pakaryan iki dadi pakaryan baku ing dhusun Kemlaka. Saliyane iku, bebrayan dhusun Kemlaka kang uripe luwih murwat, nduweni pakaryan saliyane dadi pengrajin anam besek, kayata paraga Partasentana minangka mantan lurah. Kajaba anam besek, bebrayan Kemlaka uga nindakake

pakaryan tetanen kanggo sing duwe sawah. Dene sing ora duwe sawah, dadi buruh tani.

Kabeh pakaryan kang dilakoni dening bebrayan sajroning cerbung “Lurung” kasebut, nuduhake yen panguripan bebrayane isih tradhisional. Sistem makaryane iku klebu sistem pangupa jiwa kang isih tradhisional, kayata tetanen. Senajan tetanen iku isih dilakoni dening bebrayan akeh, nanging sistem tetanene isih tradhisional.

Wangunan Omah

Omah mujudake papan panggonane manungsa kang digunakake kanggo nindakake sakabehing kagiyatan, wiwit saka turu, adus, mangan, nindakake pakaryan, lan sapanunggale. Sajroning cerbung “Lurung”, wangunan omah kang cukup wigati, yaiku omah Jawa ing dhusun Kemlaka. Wujude wangunan omah Jawa tradhisional kang digambarake sajroning cerbung iki arupa omah jenggarang gedhe kang jangkep darbeke Partasentana. Urut-urutan perangane omah Jawa diwiwiti saka regol, banjur plataran njaba, kuncung, pendhapa, longkangan, pringgitan, seketheng, plataran jero, gandhok, dalem, lan pawon.

“Kula raosaken, dalem tumrap masyarakat Jawi menika nggadahi makna ingkang lebet njih Pak?” clathune Wening nalika kekarone mingser saka ngarep pasren.

“Leres. Cobi menawi dipun priksani kanthi permati wiwit mlebet regol, kuncung, pendhapa, pringgitan, gandhok, dalem, lajeng dumugi pawon, maknanipun lebet sanget. Kuncung menika kagem lelenggahan ngenggar-enggar, lajeng pendhapa menika kagem nampi tamu ingkang kinurmat.”

(Lurung edhisi 4, DL-09, kaca 23, 2011)

Saben perangane omah Jawa kasebut, nduweni teges kang jero banget. Iki bisa dideleng saka perangan dalem. perangan paling mburi saka dalem diarani senthong. Senthong iku awujud kamar kang cacahé ana telu. Senthong tengah iku arane petanen, amarga wong Jawa sing kejawene kenthal banget, nggunakake senthong tengah iku kanggo papan sarene Dewi Sri. Dene wong saiki, senthong tengah kanggo kagiyatan liyane, kayata sholat.

Omah Jawa kang jangkep kaya darbeke Partasentana kasebut, mujudake omah Jawa kang ora saben pawongan nduweni. Lumrahe, omah Jawa kang jangkep kaya mangkono, diwangun dening pawongan kang nduweni kalungguhan luhur ing satengahing bebrayan. Bebrayan kang klebu golongan wong cilik, umume mangun omah saanane, tanpa dijangkepi kaya darbeke Partasentana.

Sandhangan

Unen-unen Jawa “ajining raga saka busana”, tegese ajining raga iku bisa dititeni saka sandhangan kang dianggo. Wong iku kudu bisa ngajani awake dhewe dhisik sadurunge kepengin diajeni dening wong liya kanthi cara nggunakake busana kang becik lan pantes. Sandhangan tradhisional kang dianggep pantes kanggo wong Jawa lan minangka idhentitase wong Jawa yaiku kebaya. Ing cerbung “Lurung” iki, bebrayan dhusun Kemlaka kang klebu tradhisional, uga isih nggunakake sandhangan tradhisionale Jawa. Paraga Partasentana nalika nggelar tancep layon, dheweke nganggo surjan werna biru tuwa, blangkon gadhung mlathi, lan jarik kawung.

Neni bali jingglensi pawongan kang ngampingi wakil keluwarga nalikane wakil keluwarga sesorah. Sing ora owah Pak Partasentana. Isih katon kiyeng lan trengginas senajan wis kliwat sepuh. Ngagem surjan werna biru tuwa, blangkon gadhung mlathi, lan jarik kawung, katon mungguh banget. Ing parupane katon menawa glondhong Partasentana isih klebu turunan priyayi, turasing andanawarih, getih biru.

(Lurung edhisi 15, DL-20, kaca 19, 2011)

Surjan iku klambi khase wong Jawa kang lumrahe nduweni motif lurik. Blangkon yaiku panganggo kang dianggo ing sirah. Blangkon iki minangka titi khase sandhangane wong lanang tradhisional Jawa. Dene, jarik iku kulinane dianggo ngisoran. Partasentana nggunakake ngisoran jarik kanthi motif kawung.

Saliyane iku, uga ana bebrayan wadon dhusun Kemlaka kang uga isih gelem nggunakake kebaya. Senajan isih nom, isih ngugemi sandhangan tradhisional kasebut. Paraga Waljiyem isih gelem nganggo jarik lan kebaya kang dianggep reribet dening nom-noman.

Kajaba iku, uga ana sandhangan tradhisional Jawa kanthi aran sabukwala. Sandhangan iki wis ora diweruhi dening bebrayan Jawa jaman saiki, nanging isih diweruhi dening bebrayan Jawa kang sepuh-sepuh. Sabukwala yaiku jarik slendhang kang dianggo tapihan utawa kulinane diarani kembén. Sabukwala iku sandhangan khusus kanggo bocah wadon.

Dene jaman saiki, wis ora ana sing nganggo sandhangan kasebut, kejaba bebrayan Jawa kang isih ngugemi bab kasebut. Uga nalika anaadicara nikahan utawa dina Kartini kang dipengeti saben tanggal 21 April utawa nalika anaadicara wisudha. Senajan kaya mangkono, kang wigati yaiku sandhangan tradhisional ora dilarwakake kanthi sawutuhe.

Panganan

Bebrayan Jawa iku yen durung mangan sega, dianggep durung mangan, senajan wis mangan panganan liyane, kayata bakso, mie, lan sapiturute. Sajroning

cerbung “Lurung” iki, digambarake panganan tradisional bebrayan Jawa dhusun Kemlaka. Panganane yaiku sega, janganan, lan lelawuhan kang isih seger. Nalika Wening sepisanan ing omahe Partasentana, dheweke diwenehi suguhan panganan tradisional dhusun Kemlaka. Suguhan kasebut yaiku sega kang diwadahi bakul, ongseng buncis campur tempe karo lombok ijo, jangan kacang panjang campur mlinjo lan so, trancam saka godhong kenikir, luntas, timun, wiji mlandhingan, pete, lan godhong kates, kanthi lawuh iwak pitik dipesengké lan gurameh bumbu rujak.

Karo njupuk piring Wening kober nyetitekake suguhan ratengan corak pedhusunan iki. Segane diwadhahi cething bambu ora kaya ing omahe sing disimpen ing termos. Segane empuk lemes... Sayure werna loro. Ongseng buncis campur tempe karo lombok ijo lan sayur kacang panjang campur mlinjo lan so mawa duduh utawa kuah santen klapa. Lawuhe iwak pitik dipesengké lan gurameh dibumbu rujak. Sing banget ngangeni ana trancam sing dadi karemane Wening. Trancam mawa lalaban godhong-godhongan dikrawu parutan krampil enom. Kathik ana godhong kenikir, godhong luntas, timun, wiji mlandhingan, pete mentah, lan godhong kates grandhel.

(Lurung edhisi 5, DL-10, kaca 20, 2011)

Panganan kasebut, saperangan, akeh bahane ana ing padhusunan, kayata lombok ijo, mlinjo, godhong kenikir, luntas, timun, mlandhingan, lan sapanunggale. Kabeh kang disebutake kasebut minangka wit-witan kang akeh-akeh tinemu ing padhusunan. Bebrayan dhusun Kemlaka uga remen njangan bobor utawa obor-obor katu, kelor, lan sapiturute. Kahanan iki mbuktekake yen panganan tradisional nduweni kalungguhan kang mirungan kanggo ilate bebrayan Jawa.

Pranyata, panganan tradisional kang dianggep dening bebrayan jaman saiki kuno, rasane ora kalah karo panganan modern kang wis kadayan panganan manca negara. Senajan anggone nggawe ora praktis kaya panganan modern, nanging panganan tradisional iku luwih sehat. Iku bisa dideleng saka bahane kang akeh-akeh janganan seger lan bumbune asil olahan dhewe, dudu bumbu praktis bungkusan. Ora nggumunake yen panganan tradisional isih dadi panganan wajib bebrayan Jawa, mligine ing dhusun Kemlaka.

Kesenian

Kesenian kang ngrembaka ing satengahing bebrayan Jawa, mligine sajroning cerbung “Lurung” iki ana maneka warna. Salah sawijine yaiku kareman marang kesenian pagelaran wayang. Ing jagading bebrayan Jawa,

seni pagelaran wayang pance misuwur banget. Akeh banget pituduh becik kang kinandhut sajroning wayang.

Pagelaran wayang minangka sawijining kesenian khas bebrayan Jawa, nduweni fungsi minangka panglipur lan panggulawentah tumrap bebrayan. Wayang uga minangka simbol panguripane wong Jawa iku kasusun ing telung jagad utawa kerep diarani triloka. Saben adhegan sajroning pagelaran wayang iku nduweni simbol dhewe-dhewe. Sajroning cerbung “Lurung” iki, diandharake adhegan prang sajroning pagelaran wayang. Perangane adhegan prang kasebut yaiku prang gagal, prang kembang, lan prang brubuh. Sabanjure yaiku ana tayungan, bendrong utawa joged golek, lan tancep kayon.

Perang brubuh, dumadi ngarepake esuk minangka cecala bakal babare carita. Menawa perang gagal lan perang kembang ora ana paraga sing tumekeng lampus, ing perang brubuh asring ana kang pralaya merga saka tumindake. Perang brubuh iku ngemu ajaran karma, hukum sebab akibat. Kang tumindak salah, senajan wiwitane moncer lan menang bakal nemoni pralaya. Ana unen-unen: sapa kang nandur angin bakal ngundhuh lesus utawa cleret taun, badai, putingbeliung.

(Lurung edhisi 13, DL-18, kaca 19, 2011)

Pethikan kasebut ngandharake sawijining perangane adhegan prang, yaiku prang brubuh. Prang brubuh iki ngemu piwulang ukum karma, kaya unen-unen sapa kang nandur bakale ngundhuh. Sapa wae kang tumindak ala, senajan ing purwane katon menang, nanging pungkasane bakal nemoni pati.

Saka andharan kasebut, cetha yen wayang saliyane kanggo panglipur, uga bisa kanggo panggulawentah tumrap panguripane bebrayan. Senajan klebu kesenian tradisional, nanging wayang isih disenengi dening bebrayan nganti jaman saiki.

Pranatan Sosial ing Dhusun Kemlaka

Pranatan sosial iku klebu sistem lan organisasi sajroning bebrayan, kaya kang diandharake dening Koentjaraningrat. Wujude pranatan sosial kang diugemi banget dening bebrayan Jawa sajroning cerbung “Lurung” iki, ana akeh banget.

Uluk Salam

Wong mertamu iku nduweni paugeran dhewe. Nalika mertamu, kudu ngucapake salam sadurunge mlebu omah. Iki paugeran kang paling dhasar nalika mertamu. Bebrayan Jawa nalika mertamu iku mesthi ngucapake tembung kulanuwun. Iki wis dadi titi khase bebrayan Jawa nalika uluk salam.

Sajroning cerbung “Lurung”, paraga Wening kang sepisanan menyang omahe Partasentana uga nindakake

unggah-ungguh. Dheweke nothok lawang kanthi uluk salam kulanuwun kang nuduhake unggah-ungguhe bebrayan Jawa. Senajan ora ana sing mangsuli, dheweke isih uluk salam nganti ana sing mangsuli.

Karo ngenteni tanggapane sing duwe omah Wening migatekake kahanan sakiwa tengene. Bokmenawa sing kagungan dalem lagi sare utawa leyeh-leyeh ingga ora midhanget nalika dikulanuwuni lan dithothok pintune. Omah jenggarang gedhe lan jembar banget mangkene mesthi wae menawa uluk salam kudu sero. Akh saru. Masagek uluk salam kudu bengok. Malah diarani ora sopan utawa malah wong ora waras...

(Lurung edhisi 1, DL-06, kaca 19, 2011)

Pethikan kasebut nuduhake yen paraga Wening isih ngerti ngenani unggah-ungguh. Dheweke ngerti yen uluk salam iku ora oleh sero amarga dianggep saru dening wong Jawa. Bisa-bisa dianggep wong kang ora waras yen sero-sero anggone uluk salam. Mula, yen uluk salam ora enggal diwangsuli, luwih becik nunggoni ing ngarep omah dhisik. Amarga, yen mlebu omahe wong tanpa idin kang nduwe omah, uga klebu saru lan dianggep ora duwe unggah-ungguh.

Ngurmati Tamu

Tamu iku raja, mula kudu diladeni kanthi becik. Ukara kasebut ngemu teges yen tamu iku kudu diajeni lan diladeni kaya raja. Bab kasebut isih diugemi dening bebrayan, mligine tumrap bebrayan Jawa. Sajroning cerbung "Lurung", uga digambarake yen tamu iku kudu diladeni kanthi becik. Kabuktikan paraga Partasentana kang nyuguhi Wening suguhan khas padhusunan nalika Wening sepisanan ing dhusun Kemlaka.

"Anu Rama, dhaharipun sampun cumawis."

"Oo yoh, yoh, anu Nakajeng, mangga katuran dhahar rumiyin, ning napa wontene, maklum kawontenan dhusun."

"Adhuh, kok malah damel repot Bapak. Dhongipun badhe nyuwun pamit wangsul."

"Walah, mangke menawi manawi sampun dhahar."

"Mangga lho Mbak," Midah ngacarani.

(Lurung edhisi 4, DL-09, kaca 18, 2011)

Pethikan kasebut nuduhake yen bebrayan Jawa nampa tamu iku dianggep kaya sedulure dhewe. Kang dilakoni dening paraga Partasentana iku nuduhake telung perkara kang dadi pranataning sing duwe omah nalika nampa tamu, yaiku gupuh, lungguh, suguh. Gupuh iki tegese nampa tamu kanthi grapyak semanak supaya tamu kang lagi teka ora sungkan. Lungguh ateges nyumanggakake tamu kang teka supaya lungguh ing papan kang wis disameptakake. Kang pungkasan yaiku

suguh. Yen wis ditampa kanthi gupuh, dilungguhake kanti becik, banjur diwenehi suguhan sapantese.

Ngurmati Wong kang luwih Tuwa

Miturut paugeran unggah-ungguh basa Jawa, tumrap pawongan kang luwih sepuh, kudu nggunakake basa Krama Inggil. Mula, Wening kang luwih nom, nggunakake basa Krama Inggil nalika cecaturan klawan Partasentana. Dene Partasentana kang luwih sepuh, bisa nggunakake basa ngoko kanggo cecaturan klawan sing luwih nom.

"Menapa piyantun ingkang yuswanipun kliwat 100 taun kados ingkang panjenengan ngendikakaken menika taksih damang menawi dipun suwuni pirsa?"

"O, tesih, tesih. Namung pamirengipun ingkang radi suda sekedhik. Paningalipun tasih sae, lajeng nalaripun tasih genep." Wning ngureg-uregake bolpoin sing macet. Nanging pancer wis entek mangsine. Banjur ngrogoh tas, jupuk kampekan cilik sing isine alat-alat tulis. Dipilih bolpoin sing isih apik, banjur dienggo nindhes tulisan sing lamat-lamat.

(Lurung edhisi 4, DL-09, kaca 18, 2011)

Pethikan kasebut nggambarake cecaturan antarane Wening lan Partasentana. Wening anggone pitakan marang Partasentana nggunakake basa Krama Inggil. Iki nggenahake yen Wening kepengin atur pakurmatan marang Partasentana kang luwih sepuh. Partasentana kang luwih sepuh, bisa nggunakake basa ngoko, nanging dheweke luwih milih nggunakake basa Krama Inggil. Bab iki jalanan, Partasentana rumangsa yen lagi tetepungan karo Wening sepisan, durung gayeng anggone cecaturan. Supaya ora nglarani atine wong kang lagi ditepungi, mula Partasentana milih Krama Inggil kang dirasa luwih alus. Saka andharan kasebut, cetha yen paraga-paraga kasebut nggunakake unggah-ungguh basa kanthi trep.

Ngurmati Wong kang Drajade luwih Luhur

Bebrayan Jawa kang banget ngugemi bab strata sosial, mesthi wae nduweni unggah-ungguh dhewe nalika ana wong kang strata sosiale luwih asor tetepungan karo sing luwih luhur. Wong kang drajade luwih dhuwur, lumraha diajeni dening liyane. Bab kasebut isih dianggep wigati banget ing donyaning bebrayan Jawa.

"Rama unjukanipun." Partasentana noleh, nanging tangane terus bikut naleni lan nguntili gagang pari ketan sing dipepe garing.

"Gawanen mrene wae Dah."

"Nggih." Ora let suwe, Midah nggawa teko karo cangkir Jubung diseleh lincak sendheyen sacedhak radhio sing isih tetep ngglenggeng.

(Lurung edhisi 8, DL-20, kaca 19, 2011)

Paraga rewang yaiku Midah, nggunakake basa Krama Inggil marang Partasentana, yaiku bendarane. Iki minangka pakurmatane marang Partasentana. Dheweke minangka rewang, kudu tanggap ing sasmita tumrap kabutuhane bendarane, mula nggawekake omben kanggo Partasentana.

Page | 10

Saliyane iku, satengahing bebrayan Jawa, ana sesebutan tartamtu tumrap pawongan. Midah anggone ngundang bendarane kanthi sebutan 'Rama'. Ing madyane bebrayan Jawa tradhisional, 'Rama' mujudake sesebutan tumrap bapak lan wong lanang kang drajade dianggep luwih dhuwur. Yen kanggo wong wadon, kang drajade luwih luhur, nggunakake sesebutan 'Den Lara', kaya kang digunakake Mbok Kariyoinangun marang Wening.

Adat Merti Dhusun

Wujude adat istiadat kang ngrembaka ing bebrayan Jawa iku ana akeh banget. Adat istiadat kang ngrembaka sajroning cerbung "Lurung" yaiku adat merti dhusun kang tansah diugemi dening bebrayan dhusun Kemlaka. Adat merti dhusun uga diarani bersih desa ing saperangan dhaerah lan nduweni teges kang padha. Miturut pamawase para sesepuh Jawa, merti dhusun iku minangka wujud sukur marang Gusti tumrap asil panene lan pinuwun kareben tanduran parine ora kena ama.

"Ya merga wayangan kuwi dadi nuwuhake aradan," wong jajan ing sandhinge nyaut.

"Ya ora ta Lik Marta. Merti dhusun iku rak pinuwunan marang sing gawe urip, kareben slamet donya akerat, gampang anggone golek pangan, tandurane pari ora keserang ama."

(Lurung edhisi 14, DL-19, kaca 18, 2011)

Merti dhusun iku ora ditindakake mung sedina wae, nanging bisa nganti seminggu. Bebrayan dhusun Kemlaka nindakakeadicara merti dhusun nganti seminggu. Kabeh kang ditindakake nalikaadicara merti dhusun iku nduweni teges kang jero banget. Ing dina sepisan, bebrayan dhusun Kemlaka padha gugur gunung reresik sareyan lan sumber banyu. Dina katelu, bebrayan padha reresik lan menehi pajangan, kayata janur kuning, umbul-umbul, rontek, ibir-ibir, lan gendera ing pinggir dalan. Sabanjure yaiku dina kalima, bebrayan dhusun Kemlaka gugur gunung nyameptakake kabeh kang dibutuhake kanggoadicara pagelaran wayang kang ana ing omahe Partasentana.

Dina kang pungkasan, yaiku punjereadicara merti dhusun. Bebrayan dhusun Kemlaka nindakake slametan kenduri kanggo merti dhusun. Sabanjure yaikuadicara pagelaran wayang. Kanggoadicara merti dhusun, lakon pagelaran wayang, mesthi njupuk lakon Dewi Sri mulih.

Lakon kasebut dijupuk amarga nggamarake rejeki kang asale saka sawah supaya akeh lan awet.

"Mesthine lakone kuwi Sri Mulih, ora Panjang Mas. Lakon Sri Mulih iki rak nggamarake mulihe rejeki saka sawah, ben kenthal lan awet disimpen krempeng. Lha kok malah Panjang Mas sing nyritakake wong-wong pating begijig. Lha tundhone kesusunan Buta ijo sing jaluk pakan, jaluk wadal."

(Lurung edhisi 14, DL-19, kaca 18, 2011)

Saka pethikan kasebut, cetha yen pagelaran wayang, sejatine njupuk lakon Sri Mulih, nanging bebrayan Kemlaka njupuk lakon Panjang Mas kang critane ngenani tumindak serong. Cetha yen ora ana gandheng cenenge karoadicara merti dhusun babar pisan. Senajan mangkono, saben dhaerah iku nduweni pakulinan dhewe-dhewe. Mula, lakon wayang kang dijupuk uga beda-beda ing saben dhaerah. Uga sejatine, kabeh kang lumaku ing urip iki wis ana kang ngatur.

Mitos kang ana ing Dhusun Kemlaka

Mitos mujudake perkara kang dipercaya dening bebrayan kang durung bisa dipestekake bener orane. Mitos uga klebu perangan sistem religi lan upacara agama kang diandharake dening Koentjaraningrat. Cerbung "Lurung" uga ngemot perkara mitos, yaiku anane dina geblag, wayang, lan sasmita.

Dina Geblag

Bebrayan Jawa iku uga ora bisa uwal saka anane petungan dina. Sistem petungan kasebut ditemtokake saka limang dina pasaran, yaiku pahing, pon, wage, kliwon, lan legi.

Sajroning cerbung "Lurung" iki, bebrayan dhusun Kemlaka isih ngugemi petungan dina geblag. Bab kasebut bisa dideleng nalika kulawargane paraga Partasentana ana kang tilar donya, nalika arep mbudhalake layon menyang sareyan, ana ritual kang kudu ditindakake, jalaran ceblok ing dina Setu Kliwon.

"Onten napa Mbok, tiyang ngamuk?" Neni njawil pelayat wadon sing lungguh sandhinge.

"Woow boten ontén tiyang ngamuk, nanging niku sarat kangege nyegah ontén sing tumut."

"Tumut teng pundi?"

"Nggih tumut mati kok nggih."

"Lho."

"Kantenan nek ontén sripah ngepasi dinten Setu Kliwon niku adate sok njur nggendeng nggengdeng je Mbak, njur boten dangu ontén sing pejah nunggil dhusun. Mila supados boten ontén kedadosan ngaten, lajeng disarati, kados niku wau."

(Lurung edhisi 15, DL-20, kaca 18, 2011)

Pethikan kasebut ngandharake yen bebrayan Kemlaka percaya yen wong kang mati ing dina Setu Kliwon, bakal ngajak wong kang isih sadhusun iku mati. Ora mandheng isih sedulur apa ora. Supaya ora dumadi kaya mangkono, disarati kanthi nggawe rerusuh. Nalika arep mbudhalake layon menyang sareyan, nindakake ritual rerusuh kasebut. Kabeh barang kang cumepek sangarepe dalane layon kasebut dirusak, supaya mitos kasebut ora dumadi.

Saliyane iku, uga ana mitos dinane wong mati liyane. Bebrayan dhusun Kemlaka uga percaya ngenani mitos dinane wong mati kang ceblok ing dina Senen Wage malem Slasa Kliwon.

“Niku dereng Mbak, nek sing pejah dinten Senen Wage malem Selasa Kliwon, pendhemane kedah ditengga. Nek boten, saged disatroni pandung. Saged dipendhet lawone utawi rasukane, rambute, utawa untune kangge jimat para pandung supados menawi ngepasi nyolong boten kadenangan.”

(Lurung edhisi 15, DL-20, kaca 18, 2011)

Wong kang ngenut ngelmu tartamtu nduweni kapercayan yen njupuk rasukan utawa rambute layon kang mati ing dina tartamtu, bakal nyempurnakake ngelmune kasebut. Mula, bebrayan Kemlaka kang ngugemi mitos yen ana wong mati dina Senen Wage malem Slasa Kliwon, bakal nunggu sareyane supaya ora dicolong rasukan utawa rambute layon kasebut. Bab iku jalaran saka anane kapercayane saperangan wong kasebut.

Wayang

Bebrayan dhusun Kemlaka kang klebu bebrayan tradhisional, isih ngugemi bab mitos wayang. Sajroning cerbung “Lurung” iki, sawijining paraga, nduweni kapercayan tumrap lakon crita wayang kang dijupuk nalika ana pagelaran wayang ing dhusun Kemlaka. Dheweke percaya yen lakon crita kang dijupuk kanggo pagelaran wayang merti dhusun iku kudu lakon Sri Mulih. Paraga Lik Marta percaya yen lakon Sri Mulih iku nggamarake rejeki kang asale saka sawah, bisa akeh lan awet.

“Mesthine lakone kuwi Sri Mulih, ora Panjang Mas. Lakon Sri Mulih iki rak nggamarake mulihe rejeki saka sawah, ben kenthel lan awet disimpen krembeng. Lha kok malah Panjang Mas sing nyritakake wong-wong pating begijig. Lha tundhone kesusunan Buta ijo sing jaluk pakan, jaluk wadal.”

(Lurung edhisi 14, DL-19, kaca 18, 2011)

Saliyane iku, paraga Lik Marta uga percaya marang mitos kang sesambungan karo dhalang. Dheweke

percaya yen dhalang iku kudu nindakake saperangan sarat nalika arep nggelar pagelaran wayang, kayata pasa dhisik supaya ora ana bilahi kang dumadi jalaran dhalange. Yen dhalange ora pasa, bakal ana bilahi kang dumadi tumrap wong kang nggelar pagelaran wayang kasebut, kaya kang dumadi ing kulawargane Partasentana. Senajan mangkono, kabeh kang dumadi ig panguripane manungsa iku jalaran kersane Gusti kang Hamurbeng Jagad.

Sasmita

Bebrayan Jawa sajroning cerbung “Lurung”, uga mujudake bebrayan kang isih percaya marang pralambang kewan. Paraga Mbok Kariyoinangun mujudake paraga kang percaya marang anane pralambang kewan.

“Rak ya pirang-pirang dina kowe ngrungu unine gagak ta?” Mbok Kariyoinangun nrambul.

“Ora mung kuwi, wong meh seminggu kepungkur wayah tengah wengi aku krungu unine kulik karo tuhu kok,” liyane melu nyaut.

(Lurung edhisi 13, DL-18, kaca 19, 2011)

Paraga liyane kang uga tansah ngugemi bab pralambang kewan yaiku Waljiyem. Nalika mlaku bebarengan karo Neni menyang omahe Partasentana, Waljiyem ngandharake ngenani pralambang kewan tumrap bebrayan Jawa jalaran keprungu swarane manuk kedhasih.

“Ibu midhanget ocehe manuk kedhasih nika? Kewan kemawon saged tumut ngraos sedhih, napa malih tiyang nggih Bu.”

(Lurung edhisi 14, DL-19, kaca 19, 2011)

Pethikan kasebut nggamarake yen manuk kedhasih iku uga melu sedhih nalika kulawargane Partasentana nandang kesripahan. Iki uga wujud pralambang kewan kang dipercaya dening bebrayan Jawa. Tumindake para sato kewan, saliyane dianggep pralambang anane kesripahan uga dianggep bakal anane perkara ala liyane, kayata bakal ana pageblug lara, ana pandung utawa maling, utawa anane raja pati. Kabeh pralambang mau bisa ana amarga ngelmu titen kang wis dadi titi khase bebrayan Jawa. Mula, pralambang iku uga durung tamtu bener orane. Panguripane manungsa iku diatur dening Gusti kang Mahawenang.

Daya Pangaribawane Kabudayan tumrap Cerbung “Lurung”

Daya pangaribawane kabudayan tumrap cerbung “Lurung”, sejatine ora bisa uwal saka kalungguhane cerbung “Lurung” minangka teks rerpitan sastra. Kanggo ngandharake daya pangaribawane kabudayan kasebut,

bisa dititi saka unsur-unsur reription sastra sajroning cerbung “Lurung”.

Para paraga kang diandharake minangka paraga kang ngugemi kabudayan, yaiku Partasentana, Mbok Kariyoinangun, Midah, Waljiyem, lan Lik Marta. Mbok Kariyoinangun digambarake minangka wong Jawa kang ngugemi bab sasmita. Dheweke percaya bab pralambang saka kewan-kewan. Mbok Kariyoinangun percaya yen unine gagak iku pralambang bakal anane kesripahan.

“Rak ya pirang-pirang dina kowe ngrungu unine gagak ta?” Mbok Kariyoinangun nrambil.

“Ora mung kuwi, wong meh seminggu kepungkur wayah tengah wengi aku krungu unine kulik karo tuhu kok,” liyane melu nyaut.

(Lurung edhisi 13, DL-18, kaca 19, 2011)

Pethikan kasebut ngenahake yen gegambaran kabudayan Jawa nduweni kalungguhan kang mirunggan sajroning cerbung “Lurung”. Gegambaran kabudayan kasebut ndayani cerbung “Lurung” dadi cerbung kang kebak bab kawruh ngenani kabudayan Jawa lan uga ngemu unsur *historis*. Saliyane iku, kabudayan uga ndayani cerbung “Lurung” minangka cerbung kang ngandharake bab *kearifan lokal* bebrayan Jawa, yaiku ngenani kapitayan marang mitos. Kanthi medharake kabudayan Jawa kang maneka warna, cerbung “Lurung” tuwuh dadi reription sastra kang nduweni aji. Gegambaran kabudayan kasebut ndayani tumrap cerbung “Lurung” dadi luwih urip. Cerbung “Lurung” dadi nduweni makna kang njero, yaiku lurung minangka simbol lumakuning urip saben pawongan kang ora mung lurus wae, nanging uga kebak lika-likuning urip.

PANUTUP

Dudutan

Cerbung “Lurung” minangka reription sastra realis kang nyritakake kahanan kang slaras karo kanyatan, ngangkat tema ngenani crita asmara kang kasingitake. Tema kasebut karacik kanthi alur campuran kang dinamis, ndayani pamaos menehi kawigaten marang cerbung kasebut. Para paraga dumadi saka warga padhusunan tradisional kang tansah ngugemi kabudayan Jawa lan saperangan wong kutha kang modern, nuduhake yen kahanan kasebut mujudake kahanan realis ing kanyatan.

perangan-perangan antropologis sajroning cerbung “Lurung” ana woluk kang isih diperang maneh, yaiku panguripane bebrayan dhusun Kemlaka, wanguan omah, sandhangan, panganan, kesenian, pranatan sosial, adat merti desa, lan wujude mitos, kang ana telu, yaiku mitos dina geblag, wayang, lan sasmita.

Gegambaran kabudayan sajroning cerbung “Lurung”, kayata mitos, nduweni daya pangaribawa kang

gedhe banget tumrap cerbung “Lurung”. Bab kasebut kawwas saka perangan paraga kang digunakake dening juru sastra. Saka para paraga kasebut, bisa diweruhi yen paraga-paraga sajroning cerbung “Lurung” minangka gegambaran saka bebrayan ing kanyatan kang uga ngugemi bab kabudayan, kayata kapitayan marang mitos. Saka perangan kelir, uga bisa ndayani tumrap cerbung “Lurung” iki kebak babagan historis, jalaran bisa diweruhi kahanane dhusun Kemlaka ing jaman kepungkur.

Saka andharan-andharan kasebut, bisa didudut yen cerbung Lurung mujudake cerbung realis kang nggamarake kahanan kang ana sabenere ing kanyatan. Sakabehane iku bisa dititi saka unsur-unsur kang mangun cerbung kasebut. Perangan-perangan antropologis lan daya pangaribawane, diandharake kanthi rowa slaras karo kahanan sabenere ing bebrayan Jawa, mligine bebrayan Jawa padhusunan.

Pamrayoga

Ana sawetara cathetan lan pamrayoga saka panliton panliton iki tumrap Suhindriyo minangka juru sastra.

- 1) Cerbung “Lurung” kang klebu reription sastra realis, uga nduweni saperangan cathetan kang dianggep ora tinemu nalar lan ora pas. Bab kasebut yaiku ngenani buku tamu kang umure wis ana 22 taun lan sumimpen becik. Kamangka, ing kanyatan, bab kasebut ora tinemu nalar, jalaran buku tamu kang umure wis kliwat 22 taun, durung tamtu wujude isih apik. Senajan pawongan kasebut klebu pawongan kang gati banget, nanging mesthi kahanan kaya mangkono durung bisa tinemu nalar.
- 2) Saliyane iku, ana saperangan cathetan tumrap cerbung “Lurung”. Anggone nulis tandha waca, akeh kang nyebal saka paugeran. Ana saperangan pacelathon sajroning cerbung “Lurung” kang tandha wacane ora slaras karo aturanan panulisan tandha waca. Tuladhane, sawise pacelathon, tandha kang dianggo yaiku titik, nanging sajroning cerbung “Lurung”, nggunakake tandha koma. Yen isih ana katrangan ngenani sapa sing lagi pachelaton, iku lagi bisa nggunakake tandha koma sadurunge tandha petik.
- 3) Saka saperangan cathetan ing ndhuwur, diajab bisa dadi kritik kang mangun tumrap panulisan reription sastra sabanjure. Kanthi sakabehane, cerbung “Lurung” anggitane Suhindriyo kasebut, mujudake cerbung ngenani kabudayane bebrayan, ora mung kawwas saka tintingan strukturalisme utawa antropologi sastra. Cerbung kasebut, uga bisa ditintingi kanthi tintingan liyane, kayata psikologi sastra, stilistika, lan sapanunggale kanggo njangkepi panliton kasebut.

KAPUSTAKAN

Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi.* Yogyakarta: MedPress.

_____. 2010. *Falsafah Hidup Jawa: Menggali Mutiara Kebijakan dari Intisari Filsafat Kejawen.* Yogyakarta: Cakrawala.

Hardjana, Andre. 1983. *Kritik Sastra: Sebuah Pengantar.* Jakarta: Gramedia.

Koentjaraningrat. 1974. *Kebudayaan, Mentalitet dan Pembangunan.* Jakarta: P.T. Gramedia.

_____. 1979. *Metode-metode Penelitian Masyarakat.* Jakarta: P.T. Gramedia.

_____. 1984. *Kebudayaan Jawa: Seri Etnografi Indonesia 2.* Jakarta: Balai Pustaka.

Moelong, Lexy J. 2005. *Metodologi Penelitian Kualitatif.* Bandung: PT Remaja Rosdakarya.

Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi.* Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Poerwadarminta, dkk. 1939. *Baoesastraa Djawi.* Batavia: J. B. Wolters' Uitgevers-Maatschappij N. V. Groningen

Ratna, Nyoman Kutha. 2007. *Sastra dan Cultural Studies Representasi Fiksi dan Fakta.* Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

_____. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra.* Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

_____. 2011. *Antropologi Sastra: Peranan Unsur-unsur Kebudayaan dalam Proses Kreatif.* Yogyakarta: Pustaka pelajar.

Semi, Atar. 1984. *Kritik Sastra.* Bandung: Angkasa.

Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Sastra Lisan: Paradigma, Pendekatan, Teori, Konsep, Teknik Penyusunan Proposal, Teknik Pengumpulan Data, Teknik Analisis Data, dan Teknik Penulisan Laporan.* Surabaya: Unesa Unipress bekerjasama dengan Citra Wacana.

Suhindriyo. 2011. Lurung. *Djaka Lodang.* No. 06-21 Juli-Oktober 2011. Hlm. 19-19, 20-21.

Suseno, Franz Magnis. 2003. *Etika Jawa: Sebuah Analisa Falsafi tentang Kebijaksanaan Hidup Jawa.* Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Suwondo, Tirto, dkk. 2006. *Antologi Biografi: Pengarang Sastra Jawa Modern.* Yogyakarta: Adi Wacana.

Tim Penyusun. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga.* Jakarta: Balai Pustaka.

Yana, MH. 2010. *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang Jawa.* Yogyakarta: Absolut.

Yudiono KS. 1986. *Telaah Kritik Sastra Indonesia.* Bandung: Angkasa.

